

## BAB II

### KALIMAH, KALIMAH PANANYA JEUNG PRAGMATIK

#### 2.1. Kalimah

##### 2.1.1. Wangenan Kalimah

Kalimah nya éta wangun gramatik maksimal anu mangrupa bagian pangleutikna anu ngandung harti anu lengkep tina hiji wacana, anu diwatesanan ku randegan panjang tur ngabogaan lentong pamungkas turun atawa naék, sarta sacara rélatif éta wangun gramatik téh bisa madeg mandiri (Prawirasumantri, 1990:36). Sudaryat (1991:85) nétélakeun yén kalimah téh nya éta wangun katatabasaan miwujud kecap atawa runtuyan kecap nu puguh adeganana pikeun ngébréhkeun pikiran kalawan gembleng, diwatesanan ku randegan panjang nu binarung jeung wirahma ahir turun atawa naék. Binarung randegan panjang jeung wirahma ahir turun atawa naék disebutna lentong (intonasi).

Hal sarupa ditétélakeun ku Ramlan (1987:27) kalimah nya éta wangun gramatik anu diwatesanan ku randegan panjang sarta dibarengan ku lentong pamungkas turun atawa naék. Sarta dina *Tata Basa Baku Bahasa Indonesia* oge (1997:254) ditetélakeun yén kalimah téh nya éta bagéan pangleutikna tina omongan atawa téks (wacana), nétélakeun pikiran anu gembleng sacara katatabasaan.

Tina sababaraha wangenan kalimah di luhur, bisa dicindekeun yén nu dimaksud kalimah téh nya éta wangun katatabasaan anu puguh adeganana tur

wangunna nu maksimal bagian nu pangleutikna nu ngandung harti, tur teu gumantung kana lobana kecap nu jadi unsurna, tapi diwatesanan ku randegan panjang binarung wirahma ahir turun atawa naek.

### 2.1.2 Wangun Kalimah

Kalimah bisa dipasing-pasing jadi sababaraha bagian nurutkeun dasar-dasar atawa patokan anu tangtu. Prawirasumantri (2000:14-15) nétélakeun yén kalimah bisa diwincikan jadi 10 papasingan, di antarana dumasar kana:

- 1) Jumlah jeung jinis unsur pangwangunan, ngawengku kalimah basajan jeung kalimah jembar;
- 2) Jumlah jeung jinis klausana, ngawengku kalimah salancar jeung kalimah rangkepan;
- 3) Ngandung henteuna klausa, ngawengku kalimah klausa jeung tanklausa;
- 4) Patalina aktor (nu ngalakukeun) jeung aksi (tindakan), ngawengku kalimah migawé, kalimah dipigawé, kalimah migawé manéh jeung kalimah silih balés;
- 5) Fungsi atawa réspónsi anu dipiharep, ngawengku kalimah wawaran, kalimah pananya, jeung kalimah panitah;
- 6) Aya euweuhna unsur pamungkir, ngawengku kalimah ingkar jeung kalimah taningkar;

- 7) Kabasajanan jeung kalengkepan unsur dasarna, ngawengku kalimah formata, kalimah transformata jeung kalimah deformata;
- 8) Posisina dina omongan, ngawengku kalimah pamuk, kalimah panyambung,;
- 9) Konteks jeung jawaban anu ditepikeun, ngawengku kalimah salam, kalimah panyeluk, kalimah ébréhan (bituna basa), kalimah pananya, kalimah panitah jeung kalimah wawaran;
- 10) Warna kecap atawa frase nu jadi caritaanana, ngawengku kalimah pagawéan jeung kalimah tanpagawéan.

Dumasar kana papasingan di luhur, kalimah téh mibanda wangun kalimah. Wangun kalimah nya éta rupa-rupa kalimah disawang tina unsur pangwangunna (Sudaryat,2003;86). Dumasar unsur pangwangunna kalimah bisa diwincik kana tilu rupa.

- 1) Kalimah dumasar kana aya euweuhna klausa pangwangunna
- 2) Kalimah dumasar kana lengkep henteuna klausa pangwangunna
- 3) Kalimah dumasar kana jumlah jeung warna klausa pangwangunna

### 2.1.3 Fungsi Kalimah

Fungsi kalimah dina basa Sunda aya opat rupa saperti nu diébréhkeun di handap ieu:

- 1) Kalimah wawaran (déklaratif), nya éta kalimah anu eusina ngawawarkeun, méré béja ka nu lian tur miharep réspónsi nu mangrupa panitén wungkul. Dina basa tulisan biasa ditungtungan ku peun (.).
- 2) Kalimah pananya (interogatif), nya éta kalimah anu eusina nanyakeun hiji perkara ka jalma lian sarta miharep réspónsi nu mangrupa jawaban. Dina basa tulisan biasa ditungtungan ku tanda pananya (?).
- 3) Kalimah paréntah (imperatif), nya éta kalimah anu eusina pikeun maréntah batur sangkan milampah pagawéan, atawa miharep réspónsi nu mangrupa tindakan. Dina basa tulisan sok ditungtungan ku tanda panyeluk (!).
- 4) Kalimah panyeluk (interjéksi), nya éta kalimah anu eusina ngébréhkeun rasa (émosi) panyaturna, umpamana waé rasa gumbira, nalangsa, reuwas, geuleuh, reueus, jsté. Dina basa tulisan sok ditungtungan ku tanda panyeluk(!).

#### **2.1.4 Unsur Fungsional Kalimah**

Tarigan (1986:8) nétélakeun yén kalimah nya éta satuan basa nu sacara rélatif bisa mandeg mandiri, miboga pola lentong pamungkas jeung diwangun ku klausa. Jadi, dina unsur fungsi kalimah dipedar ngeunaan unsur fungsi klausa.

Unsur fungsi kalimah museur kana pancén gramatik unsur-unsur kalusa. Ramlan (1987:90) nyebutkeun yén dina unsu fungsional klausa bisa mangrupa jejer, caritaan, udagan, panglengkep, jeung katerangan.

- 1) Jejer nya éta bagian klausa anu nuduhkeun naon-naon anu dicaritakeun, poko nu dicaritakeun, umumna mangrupa kecap atawa frasa barang (Sudaryat, 1997:78)
- 2) Caritaan nya éta unsur klausa nu nuduhkeun naon-naon anu ditétélakeun ku panyatur ngeunaan jejer. Caritaan bisa mangrupa kecap atawa frasa pagawéan, kaayaan, bilangan, barang atawa nu dianggap barang, jeung frasa pangantét. Umumna caritan téh bisa dipaké ngajawab pananya kumaha, sakumaha, naon, atawa keur naon jejer téh.
- 3) Udagan nya éta mangrupa bagian kalimah atawa klausa nu ngalengkepan caritaan nu mangrupa kecap atawa frasa pagawean laju (transitif) sarta bias robah jadi jejer dina klausa pasif. Udagan biasana mangrupa kecap atawa frasa barang sarta teu bisa dipisahkeun tina caritaan anu mangrupa kecap atawa frasa pagawean transitif, iwal udagan anu maké kecap pangantét *ka* atawa *kana*.
- 4) Panglengkep nya éta unsur klausa anu ngalengkepan caritaan mangrupa kecap pagawean semitransitif jeung dwitransitif (Sudaryat, 1997:78).
- 5) Katerangan mangrupa unsur fungsi panambah anu nambahan jeung nerangkeun kalimah sangkan jéntré. Sipat katerangan nya éta mobilitas jeung bias dipake pikeun nerangkeun J, C, U, atawa panglengkep. Katerangan nya éta unsur klausa anu ngajéntrékeun caritaan, anu mere informasi tambahan ngeunaan naon-naona anu dituduhkeun ku caritaan,

saperti ngeunaan waktuna, tempatna, carana, tujuanana, jeung sapapadana. Katerangan téh mangrupa unsur Klausa anu ngajéntrékeun kontruksi gramatik winangun jejer-caritaan-udagan/panglengkep. Kulantaran kitu, tempatna dina klausa kacida bebasna, bias di hareup, di tengah, atawa di tukang.. Katerangan bisa dibédakeun jadi sababaraha rupa: a) katerangan tempat, b) katerangan waktu, c) katerangan cara, d) katerangan tujuan, e) katerangan pangbarung, f) katerangan alat, g) katerangan jumlah, h) katerangan babandingan, i) katerangan sebab, j) katerangan iwal, k)katerangan aspek, jeung l) katerangan modalitas.

## 2.2 Kalimah Pananya (Interogatif)

Kalimah anu fungsi utamana pikeun nanyakeun disebut kalimah pananya atawa kalimah interogatif. Kalimah pananya umumna miharep jawaban anu mangrupa omongan, jawaban verbal atawa lingual. Ieu kalimah ogé miboga lentong anu béda jeung lentong wawaran.

Nurutkeun fungsina, kalimah pananya dibédakeun jadi dua rupa nya éta:

- 1) Kalimah pananya katangtuan, anu miharep jawaban *enya, lain*, atawa *henteu*; contona: (ASBP/9/7/3) Pa Hikmat ieu téh?
- 2) Kalimah pananya katerangan, anu miharep jawaban anu mangrupa katerangan atawa pertélaan; contona: (ASBP/9/9/2) ké taun sabaraha nya?

Nurutkeun anu ditanyakeunana, kalimah pananya bisa dibédakeun jadi sababaraha rupa, diantarana aya kalimah pananya golongan atawa idéntitas, kalimah pananya pagawéan, kalimah pananya kaayaan, kalimah pananya jumlah, kalimah pananya ukuran, kalimah pananya ukuran, kalimah pananya tempat, kalimah pananya waktu, kalimah pananya cara jeung kalimah pananya sebab.

Minangka transformasi tina kalimah wawaran, kalimah pananya téh miboga tilu rupa adegan nya éta:

- 1) Mangrupa kalimah wawaran anu robah lentongna jadi lentong pananya, sakapeung sok ditambahan ku kecap lain; contona:

(ASBP/9/4/2) Teu acan dikitu kieu → Teu acan dilitu kieu?

- 2) Mangrupa kalimah wawaran anu dirobah lentongna jadi lentong pananyaditambahan kecap pananya *naha*; contona:

(ASBP/11/2/2)Maot mémang boga dosa atawa katideresa → Naha maot mémang boga dosa atawa katideresa?

- 3) Mangrupa kalimah wawaran anu dirubah lentongna jadi lentong pananya sarta salah sahiji unurna diganti ku kecap gaganti pananya; contona:

(ASBP/9/8/4) Sidik, murid Pa Hikmat kapungkur nuju di SMP → Murid saha Sidik keur di SMP-na?



## 2.3 Pragmatik

### 2.3.1 Kapragmatikan Kalimah

Pragmatik kaasup salah sahiji cabang linguistik, anu mekar di Amerika taun 1970. Dina taun saméméhna, hususna taun 1930, linguistik dianggap ngan saukur maluruh fonetik, fonemik, jeung morfologi. Jaman anu lazim disebut linguistik Bloomfieldian anu nu teu maluruh kajian sintaksis, utamana nu aya kaitanana jeung ma'na.


Istilah pragmatik ogé geus dipikawanoh ti jaman Charles Morris (1946) kénéh nya éta mangrupa salah sahiji tina tilu cabang semiotik atawa élmu tanda anu maluruh rélasi tanda-tanda jeung penapsiranana, dua cabang semiotik séjénna nya éta sintaksis nu maluruh rélasi formal tanda-tanda jeung semantik nu maluruh rélasi tanda-tanda jeung objékna.

Crystal (1989:83) nyebutkeun yén pragmatik nya éta élmu basa nu maluruh hubungan saluyu henteuna struktur basa jeung pamaké basa. Pragmatik madungdengkeun dasar-dasar nu ngalantarankeun naon sabab hiji kalimah dianggap nyimpang jeung teu merenah atawa mangrupa omongan nu teu lumrah dina komunikasi antar individu.

Ditilik tina segi pragmatis, kalimah aya kaitanana jeung retorika tekstual jeung interpersonal. Dina retorika tekstual, pragmatik merlukeun prinsip kerja sama (*cooperative principles*), sedengkeun dina retorika interpersonal, pragmatik merlukeun prinsip kasopanan (*politeness principles*)



Prinsip pragmatis éta ngabogaan bagéan sewang-sewangan jiga nu digambarkeun ieu di handap:



### 2.3.2 Wujud Pragmatis Kalimah Pananya (Interogatif)

Wujud pragmatis interogatif nya éta réalisasi maksud pananya anu dikaitkeun jeung konteks situasi tutur anu jadi kasang tukangna wujud pragmatis pananya ngacu kana ma'na pragmatis. Aya 13 ma'na pragmatis pananya dina Basa Sunda nya éta:

- 1) Pananya anu ngabogaan ma'na pragmatis *kaayaan*. Nanyakeun kaayaan hiji barang, hal atawa kajadian. Ditandaan ku kecap pananya *kumaha*, jeung *aya naon*. Contona dina kalimah  
(ASBP/9/3/10) Aya nu tunggu di ditu?
- 2) Pananya anu ngabogaan ma'na pragmatis *waktu*. Nanyakeun waktu lumangsungna hiji kadian, ditandaan ku kecap pananya *iraha*. Contona dina kalimah:  
(ASBP/9/9/2) Ké taun sabaraha nya?
- 3) Pananya anu ngabogaan ma'na pragmatis *penegasan*. Dipaké pikeun mempertegas naon-naon nu ditanyakeun , ditandaan ku kecap *ari, kitu* jeung *nya*. Contona dina kalimah:  
(ASBP/14/9/5) Ieu téh vesva kiriditan?
- 4) Pananya anu ngabogaan ma'na pragmatis *tempat*. Dipaké pikeun nanyakeun tempat, ditandaan ku kecap pananya *ti mana, kamana, di mana*. Contona dina kalimah:  
(ASBP/15/4/9) Ka mana Pa?
- 5) Pananya anu ngabogaan ma'na pragmatis *rasa*. Dipaké pikeun nanyakeun hiji arsa saperti rasa panasaran, rasa bingung atawa ragu-ragu. Ditandaan ku kecap pananya *kitu*. Contona dina kalimah  
(ASBP/13/7/1) Ku anon, sesah hirup?

6) Pananya anu ngabogaan ma'na pragmatis *tindakan*. Dipaké pikeun nanyakeun hiji hal anu aya kaitanana jeung tindakan/paripolah. Ditandaan ku kecap pananya (*badé, aya, rék*)*naon*, saperti dina kalimah:

(ASBP/22/1/1) Aya naon atuh Pa?

7) Pananya anu ngabogaan ma'na pragmatis *sabab*, dipaké pikeun nanyakeun sabab akibat tina hiji hal, ditandaan ku kecap pananya *keur naon, ku naon, naon, jeung lain*. Saperti dina kalimah:

(ASBP/33/2/1) Naha si durjana bangun nu geus yakin, yén korban bakal asup ka WC méméh pilem maén?

8) Pananya anu ngabogaan ma'na pragmatis *cara*. Dipaké pikeun nanyakeun cara ngahasilkeun hiji hal, ditandaan ku kecap *kumaha*. Saperti dina kalimah:

(ASBP/30/1/2) Kumaha dedeganana, dangdananana?

9) Pananya anu ngabogaan ma'na pragmatis *asal*. Dipaké pikeun nanyakeun asal muasalna hiji hal, ditandaan ku kecap pananya *ti saha, ti mana, jeung ti nu naon*. Saperti dina kalimah:

(ASBP/39/3/1) Ti mana kagungan alat perekam modél kitu?

10) Pananya anu ngabogaan ma'na pragmatis *golongan*. Dipaké pikeun nanyakeun hiji golongan, misalna golongan malaikat, manusa, binatang atawa tatangkalan. Ditandaan ku kecap pananya, *naon, ceuk, kana naon*. Saperti dina kalimah:

(ASBP/50/7/2) Naon béntena Pa?

11) Pananya anu ngabogaan ma'na pragmatis *jarak*. Dipaké pikeun nanyakeun jauh/jarak hiji tempat ka tempat séjén. Siga dina kalimah di handap ieu:

(ASBP///)

12) Pananya anu ngabogaan ma'na pragmatis *perbandingan*. dipaké pikeun nanyakeun sasaruuan jeung bédana antara dua hal, siga kalimah di handap ieu:

(ASBP/55/3/5) Rék néangan bebeneran atawa hayang nyenangkeun haté batur?

13) Pananya anu ngabogaan ma'na pragmatis *penilaian*. Dipaké pikeun nanyakeun nilai hiji barang atawa kajadian. Siga kalimah di handap:

(ASBP///)

